

## **BAB II**

### **KABUDAYAAN, UPACARA ADAT, TRADISI, JEUNG BAHAN PANGAJARAN**

Sacara gurat badag, dina ieu bab baris dipedar ngeunaan kabudayaan, upacara adat, tradisi ngaruat, sarta bahan pangajaran. Ku kituna, dina ieu bab baris didéskripsikeun sababaraha tiori, di antarana: wangenan, unsur-unsur, pungsi, komponén, jeung ciri-ciri, sarta dibarung ku tiori-tiori séjénna salaku tambahan tiori.

#### **2.1 Kabudayaan**

##### **2.1.1 Wangenan Kabudayaan**

Kecap budaya asalna tina basa sangsekerta, nyaéta buddhayah. Bentuk jamakna tina budhi nu hartina “budi” atawa “akal” (Koenjaraningrat, 1984:9). Nurutkeun Ki Hajar Dewantara, kabudayaan mangrupa buah budi manusa. Kluckhohn nétélakeun yén kabudayaan téh mangrupa maniféstasi jeung penjelmaan gawé jiwa manusa dina harti nu jembar (Suparto, 2007:40).

##### **2.1.2 Unsur-unsur jeung Wujud Kabudayaan**

Nurutkeun Koentjaraningrat (2002:203), sacara universal kabudayaan manusa miboga tujuh unsur, nyaéta 1) basa; 2) sistem pangaweruh; 3) organisasi sosial; 4) sistem pakakas jeung téhnologi; 5) sistem pakasaban; 6) sistem réligi; sarta 7) kasenian.

Malinowski (Soekanto, 1998:192) nyebutkeun aya opat unsur poko kabudayaan, nyaéta:

- 1) sistem norma nu ngamungkinkeun ayana gawé bareng papada anggota masarakat pikeun adaptasi jeung lingkunganna;
- 2) organisasi ékonomi;

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) alat-alat jeung lembaga-lembaga atawa patugas-patugas pendidikan (kulawarga mangrupa Lembaga Pendidikan nu utama); sarta
- 4) organisasi kakuatan politik.

Koentjaraningrat (2002:186) nétélakeun paling saeutik aya tilu wujud kabudayaan, nyaéta:

7

- 1) wujud kabudayaan salaku hiji kumpulan atawa ide-ide, pamadegan, ajén-ajén, norma-norma, aturan, jeung sajabana;
- 2) wujud kabudayaan mangrupa hiji kumpulan aktifitas sarta paripolah manusa nu miboga pola dina hirup kumbuhna di masarakat; sarta
- 3) salaku barang-barang tina hasil karya manusa.

Wujud kahiji nyaéta wujud idéal tina kabudayaan, sipatna abstrak, teu bisa dicabak atawa dipoto, ayana dina jero alam pikiran warga masarakat nu miboga éta kabudayaan. Ayeuna éta kabudayaan ideal téh geus nyampak dina arsip, koléksi *microfilm*, computer, jeung sajabana.

Ide-ide jeung gagasan manusa loba nu hirup babarengan di masarakat, méré jiwa ka éta masarakat. Ieu gagasan-gagasan silih pakait jadi hiji sistem, teu bisa misah séwang-séwangan. Para ahli Sosiologi jeung Antropologi loba nu nyebutkeun yén ieu sistem téh mangrupa sistem budaya. Dina istilah séjén bisa disebutkeun yén wujud idéal tina kabudayaan ieu téh nyaéta adat istiadat.

Wujud kadua tina kabudayaan nyaéta sistem pranata sosial, nu mangrupa paripolah-paripolah manusa. Sistem sosial mibanda aktifitas-aktifitas, paripolah-paripolah manusa dina raraga campur gaul jeung sasama di masarakat. Paripolah-paripolah masarakat ieu tangtuna dumasar adat tata-kalakuan. Ieu sistem sosial sipatna kongkrit, aya dina kahirupan sapopoé, bisa diobsérvasi, sarta bisa didokuméntasikeun.

Wujud katilu dina kabudayaan disebut wujud fisik, nyaéta barang-barang hasil tina paripolah-paripolah manusa di masarakat. Sipatna pangkongkritna, bisa dicabak jeung didokuméntasikeun.

Tina wujud kabudayaan tadi teu bisa dipisahkeun, tapi silih pakait. Kabudayaan ideal, nyaéta adat-istiadat nu ngatur tingkah polah manusa dina hirup kumbuh di masarakatna nu bisa ngahasilkeun barang-barang atawa karya nu kongkrit hasil tina pikiran-pikiran manusa tadi.

### 2.1.3 Sipat Kabudayaan

Unggal masarakat miboga kabudayaan nu béda, tapi unggal kabudayaan miboga sipat hakékat nu umumna sarua jeung kabudayaan nu séjénna. Sipat hakékat kabudayaan tadi nyaéta:

- 1) kabudayaan ngawujud sarta ditepikeun ngaliwatan paripolah manusa;
- 2) kabudayaan aya leuwih tiheula tibatan lahirna hiji generasi nu tangtu, sarta bakal tumpur saluyu jeung tumpurna hiji generasi nu tangtu tadi;
- 3) kabudayaan dibutuhkeun ku manusa sarta ngawujud dina paripolahna; sarta
- 4) kabudayaan ngawengku aturan-aturan nu eusina kawajiban-kawajiban, kalakuan-kalakuan nu ditarima jeung ditolak, sarta kalakuan nu dilarang jeung diijinkeun.

Herskovits dina Soekanto (1998:200) nétélakeun yén sipat hakékat kabudayaan téh mangrupa ciciren unggal kabudayaan. Tapi, nalika hiji jalma rék maham kana éta sipat hakékat, saacanna kudu néangan heula jalan kaluar dina masalah di jerona.

Dina pangalaman manusa, kabudayaan miboga sipat universal. Tapi wujud tina éta kabudayaan miboga ciri husus nu saluyu jeung situasi kalayan lokasina. Dina kanyataanana, masarakat jeung kabudayaan teu bisa dipisahkeun. Hal ieu ngabalukarkeun unggal masarakat miboga kabudayaan atawa bisa ogé disebut yén kabudayaan miboga sipat universal (atribut ti unggal masarakat dunya). Tapi dina waktu anggota masarakat nu hiji campur gaul jeung anggota masarakat nu lian, éta individu bakal sadar yén adat-istiadatna béda. Ieu téh balukar tina bédana pangalaman tina dua kelompok masarakat. Hartina, bébédaan dua kabudayaan téh

dumasar kana kasang tukangna. Ku kituna, dicindekkeun yén sipat universal kabudayaan bisa ngabalukarkeun kabudayaan nu béda. Conto umumna, bangsa Indonesia, bangsa Malaysia, bangsa Amerika, jeung bangsa Eropa miboga kabudayaan (universal). Tapi, éta kabudayaan miboga ciri-ciri husus sewang-séwangan dumasar kasang tukangna.

Suparto (2007:42) nyindekeun aya tujuh sipat umum kabudayaan, nyaéta:

- 1) kabudayaan miboga sipat ragem;
- 2) kabudayaan bisa diteruskeun sacara sosial ku pangajaran;
- 3) kabudayaan diébréhkeun dina komponén-komponén biologi, psikologi, jeung sosiologi;
- 4) kabudayaan miboga struktur;
- 5) kabudayaan miboga ajén;
- 6) kabudayaan miboga sipat statis jeung dinamis; sarta
- 7) kabudayaan bisa dibagi kana widang atawa aspék.

#### **2.1.4 Komponén Kabudayaan**

Dumasar kana wujudna, kabudayaan bisa dibédakeun kana dua komponén utama, nyaéta kabudayaan matéril jeung kabudayaan non-matéril.

##### 1) Kabudayaan matéril

Kabudayaan matéril nyoko kana sakabéh ciptaan masarakat nu nyata. Nu kaasup kana kabudayaan matéril nyaéta timuan-timuan nu dihasilkeun tina arkéologi. Contona: mangkok tina taneuh, rupa-rupa perhiasan, pakarang, jeung sajabana.

##### 2) Kabudayaan non-matéril

Kabudayaan non-matéril nyaéta ciptaan-ciptaan abstrak nu diwariskeun sacara turun-tumurun ti karuhun, contona: dongéng, carita rakyat, lagu tradisional, jeung sajabana.

#### **2.1.5 Kabudayaan Sosial**

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kabudayaan sosial di masarakat Sunda hususna raket pisan patula-patalina jeung nu ngaranna upacara adat. Aya sababaraha tiori ngeunaan kabudayaan sosial. Numutkeun Paul B. Harton dina Koentjaraningrat (2009:246) kabudayaan sosial atawa sosial budaya nyaéta hiji proés pikeun manusa mikaharti ngeunaan norma-norma atawa aturan-aturan nu aya di masarakat alatan bisa ngabentuk hiji kapribadian sacara individu pikeun ngaraketkeun tali duduluran atawa kapribadian sosial pikeun kelompok. Koentjaraningrat (2009:288) ngabagi genep bagian ngeunaan kabudayaan sosial, nyaéta:

- 1) sistem norma nu ngatur tingkah pola hiji kelompok atawa warga;
- 2) komunikasi nu lancar papada anggota kelompok;
- 3) sistem hak jeung kawajiban nu ngatur tingkah laku warga masarakat;
- 4) pamingpin nu ngatur kana naon hal nu dipigawé ku unggal kelompok;
- 5) sistem hak jeung kawajiban ngeunaan harta produktif, harta konsumtif, jeung harta pustaka nu tangtu; sarta
- 6) jiwa sosial kelompok nu sadar pikeun sakabéh anggota.

G.P. Murdock dina Hanneman & Aziz (1997:2) ngabagi kelompok sosial jadi tilu kategori dumasar kana pungsi sosialna, nyaéta 1) kelompok *kekerabatan korporasi*, 2) kelompok *kekerabatan kadangkala*, jeung 3) kelompok *kekerabatan* nu ngalambangkeun kesatuan adat istiadat. Définisi ngeunaan tilu kategori nu disebutkeun tadi nyaéta:

- 1) kelompok *kekerabatan korporasi*

Jumlah anggota ieu kelompok biasana teu pati loba. Anggotana masih pada apal jeung bisa adaptasi jeung papada anggotana, nyieun hiji kagiatan kelompok nu dilaksanakeun ku cara sababaraha kali jeung mibanda hiji sistem hak jeung kawajiban nu ngatur interaksi anggotana dumasar kana sistem norma nu tangtu. Kelompok saperti kieu ampir aya di unggal daérah. Di Indonesia, sebutan pikeun kelompok ieu rupa-rupa. Misalna, Sipopoli (Ngada, Flores), Sangambato Seboa (Nias), Kaum (Minangkabau), Kuren (Bali), jeung Sara Dapur (Gayo).

- 2) Kelompok *kekerabatan kadangkala*

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kelompok ieu miboga sipat samentara atawa teu tangtu. Jumlah anggota kelompokna gé loba jeung teu adaptasi ku cara terus-terusan. Anggota kelompokna ngarumpul saupama aya kagiatan-kagiatan nu tangtu, saperti gotong royong, ngayakeun upacara, atawa ngayakeun upacara tradisi *daur hidup*. Sababaraha suku bangsa di Indonesia dikenal ku istilah nu ngagambarkeun kelompok *kekerabatan* ieu, misalna waé golongan-golongan (Sunda), family (Minahasa, Ambon), jeung sanak sadulur (Jawa).

### 3) Kelompok *kekerabatan* nu ngalambangkeun kestuan adat istiadat

Kelompok *kekerabatan* ieu miboga kelompok nu kacida lobana, jadi di antara anggota kelompokna teu pada wawuh jeung teu miboga hubungan nu terus-terusan. Tapi ku kituna, anggota kelompokna sadar yén manéhna nyaéta salasihiji bagéan tina *satu-kesatuan* dumasar kana lambang adat nu geus ditangtukeun. Conto kelompok *kekerabatan* saperti kieu disebutna *klan besar* atawa *paroh masyarakat*. Anggota kelompok *klan besar* mangrupa katurunan ti karuhunna, boh éta patrilineal atawa matrilineal nu geus ngaliwatan mangpuluh-puluh angkatan. Anggota kelompokna kaiket ku tanda-tanda gumelarna ka alam dunya, saperti ngaran *klan*, lambang *totem*, jeung dongéng-dongéng nu dianggap suci.

Conto ngaran *klan besar* lianna nyaéta marga dina suku bangsa Batak. Misalna marga Siahaan, Ginting, Simanjuntak, Nasution, Sembiring, jeung sajabana. Dina kelompok *kekerabatan*, aya sababaraha istilah-istilah nu ngalambangkeun kesatuan kelompok dina hiji masarakat. Istilah-istilahna nyaéta disebut *kinred*, *keluarga luas*, *ambilineal kecil*, *ambilineal besar*, *klan fratri*, jeung *paroh masyarakat*.

#### a) Kinred

Dina rupa-rupa masarakat nu aya di alam dunya, manusa sok milu ilu-biung jeung silih tulungan jeung papada manusa lianna. *Kesatuan kekerabatan* nu ilahar disebutna *kinred* ieu dimimitian ku salah saurang warga nu ngabalakan hiji kagiatan, misalna upacara atawa salametan. Kajadian saperti kieu téh biasana ngan ditungkulan ku dulur-dulur jeung baraya nu imahna teu pati jauh

jeung tempat diayakeunna upacara atawa salametan. Sok sanajan aya baraya atawa dulur nu jauh ngusahakeun bisa nungkulun pangangkir ieu acara alatan ieu acara téh dianggap penting. Kulantaran *kinred* teu jelas watesanna, jadi *kinred* sipatna teu *korporasi*, tapi ngan saukur *occasional* (*kadangkala*).

b) *Keluarga Luas*

Kelompok ieu mangrupa hiji kelompok sosial nu nyeukeul pageuh kana kayakinan jeung kapercayaan nu diagemna. *Keluarga luas* dibagi jadi tilu kelompok dina kahirupan masarakatna, nyaéta 1) ultralokal, 2) virilokal, jeung 3) uxorilokal.

c) *Ambilineal Kecil*

Kelompok ieu bisa kabentuk saupama hiji kulawarga ngabentuk hiji ciri nu husus, nu mana ciri éta téh dipikanyaho ku balaréa. Ieu kelompok sosial téh ngan 25-30 urang.

d) *Ambilineal Besar*

Saupama aya hiji kulawarga nu teu kawatesanan dina 3-4 turunan wungkul, leuwih loba katurunan nu diturunkeun ti karuhunna, jadi kelompok sosial ieu disebutna *Ambilineal Besar*.

e) *Klan*

Klan nyaéta hiji kelompok sosial nu asal-muasal anggota kelompokna ti hiji katurunan ngaliwatan katurunan ti aki atawa ti nini.

f) *Fratri*

Kelompok sosial fratri leuwih ditujukeun ka kelompok-kelompok patrilineal atawa matrilineal sipatna lokal nu mangrupa gabungan ti kelompok-kelompok klan nu aya disabudeureunna.

g) *Paroh Masarakat*

Kelompok sosial *paroh masarakat* nyaéta kelompok sosial nu ngadumaniskeun kelompok sosial nu ampir sarua jeung kelompok sosial fratri jeung klan. Tapi kelompok sosial ieu miboga ciri nu has nyaéta yén dimana hiji

masarakat kelompok sosial ieu téh mangrupa satengahna tina sakabéh masarakat nu aya dina hiji wilayah nu tangtu.

### **2.1.6 Pungsi Kabudayaan di Masarakat**

Kabudayaan mangrupa hal nu teu bisa dipisahkeun ti masarakat. Dimana aya masarakat, di dinya pasti aya kabudayaan. Kabudayaan miboga punksi nu kalintang gedé pikeun masarakat. Rupa-rupa kakuatan negatif atawa positif nu tangtu kudu disanghareupan ku anggota masarakat, saperti kakuatan alam atawa kakuatan séjénna. Salian ti éta, manusa jeung masarakat perlu ogé ka naon nu disebut kasugemaan, boh di widang spiritual boh di widang material. Kabutuhan-kabutuhan masarakat nu tadi disebutkeun, sacara gurat badagna bisa kaungkulan ku kabudayaan ti masarakat éta sorangan.

Hasil karya masarakat jadi hiji téhnologi atawa kabudayaan matérial nu antukna guna pikeun nangtayungan masarakat di lingkungan jerona. Téhnologi dina hakékatna mibanda sababaraha unsur, di antarana alat-alat produktif, alat perang, alat organisasi, kadaharan jeung inuman, sandang, tempat nyalindung, sarta alat-alat transport. Kabudayaan miboga punksi nu tangtu di masarakat. Éta punksi bisa ditilik dumasar sudut pandang tiori sosiologi.

Nurutkeun tiori fungsional-struktural, kabudayaan miboga punksi pikeun miara sakabéh prosés di masarakat. Kabudayaan ogé miboga punksi ngaraketkeun masarakat sarta nyiptakeun stabilitas. Hal éta ngawujud ngeunaan kasiapan masarakat pikeun narima ajén-ajén inti salaku cecekelan hirupna. Satuluyna, kabudayaan ngamungkinkeun masarakat nyumponan rupa-rupa pangabutuhna, boh pangabutuh fisik boh pangabutuh non-fisik.

Di sisi séjén, nurutkeun sudut pandang tiori konflik sosial, kabudayaan utamana miboga punksi pikeun ngajaga jeung miara ragem sosial. Bisa disebutkeun ogé yén kabudayaan sabenerna miboga punksi pikeun ngajaga dominasi hiji kelompok di masarakat. Ayana éta dominasi tangtu nimbulkeun rasa



teu panuju ti kelompok séjén. Hal ieu antukna bisa nimbulkeun parobahan sosial (Nugraha, skripsi 2011:14).

Saupama ditengengetan, dua kasang tukang di luhur miboga bebeneran séwang-séwangan. Ku sabab kitu, duanana miboga sawangan nu silih lengkepan dina raraga maham pungsi kabudayaan. Dumsar kana dua sawangan tadi, Saptono dina Sulasmono (2006:41) nyindekkeun yén kabudayaan sahenteuna miboga pungsi:

- 1) ngaraketkeun jeung ngahijikeun masarakat;
- 2) minuhan pangabutuh-pangabutuh masarakat; sarta
- 3) ngadorong ayana parobahan sosial.

### **2.1.7 Rupa-rupa Ajén Sosial di Masarakat**

Sacara umum, ajén-inajén sosial di masarakat bisa dibédakeun jadi dua, nyaéta ajén sosial *dominan* jeung ajén sosial *mendarah daging*. Ajén sosial *dominan* nyaéta ajén sosial nu dianggap ku masarakatna leuwih penting tibatan ajén sosial séjénna. Ukuran *dominan* henteuna hiji ajén sosial diukur ku sababaraha indikasi, di antarana:

- 1) aya rasa reueus nalika ngajalankeun éta ajén;
- 2) éta ajén dianut ku lolobana masarakat;
- 3) ayana kasapukan ti warga masarakat pikeun bisa ngajalankeun éta ajén, sarta
- 4) éta ajén geus lila dianut ku warga masarakat.

Sedengkeun ajén sosial *mendarah daging* nyaéta ajén sosial nu geus ngakar sarta jadi kabiasaan warga masarakat. Ajén sosial ieu téh umumna dilakukeun kalayan teu sadar ku masarakat. Contona kabiasaan hormat ka guru atawa ka nu jadi kolot (Nugraha, skripsi 2011:22).

Koentjaraningrat (Saptono & Sulasmono, 2006:45) nétélakeun yén dina masarakat Indonesia aya sababaraha ajén sosial nu *dominan*, boh éta ajén nu kawilang positif atawa nu negatif. Ajén sosial nu positif di antarana gawé bareng (gotong royong), silih tulungan, ihtiar, toléransi jeung kakulawargaan.

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sedengkeun ajén negatif di antarana nyapirakeun, teu percaya diri, teu disiplin, jeung teu daék tanggung jawab.

### **2.1.8 Pungsi jeung Ciri Ajén Sosial**

Ayana ajén-inajén sosial di masarakat tangtu miboga punksi Saptono dina Sulasmono (2006:44). Aya sababaraha punksi ajén sosial, di antarana:

- 1) alat pikeun numuwuhkeun solidaritas di masarakat;
- 2) ngarahkeun masarakat dina mikir jeung paripolahna;
- 3) alat pikeun ngawas paripolah sangkan jalma miboga paripolah dumasar kana ajén nu dianutna; sarta
- 4) jadi panangtu pikeun masarakat dina raraga nyumponan peranan sosialna.

## **2.2 Upacara Adat**

Hiji sistem réligi dina hiji kabudayaan teu weléh percaya kana ciri-ciri pikeun ngajaga émosi kaagamaan dina diri masarakatna. Ku sabab kitu, émosi kaagamaan mangrupa unsur penting dina hiji réligi salian ti tilu unsur séjénna, nyaéta sistem kayakinan, sistem upacara kaagamaan, sarta umat nu ngagem éta réligi.

Tina opat unsur réligi tadi, nu bakal diguar leuwih jero nyaéta sistem upacara kaagamaan. Ieu sistem tangtuna ogé aya patula-patalina jeung tradisi masarakat nu ngagem éta réligi. Saperti nu geus dipedar, tradisi nyaéta kabiasaan nu turun-tumurun di hiji kelompok masarakat dumasar ajén budayana. Tradisi némbongkeun paripolah anggota masarakat boh nu sipatna duniawi boh nu sipatna kaagamaan (goib). Dina tradisi diatur kumaha manusa ngayakeun hubungan jeung papadana, alamna, sarta alam séjén di luareun dirina.

Saperti nu geus disebutkeun, saméméhna yén kabudayaan téh miboga tilu wujud. Adat-istiadat mangrupa salasahiji wujud idéal nu gunana pikeun ngatur tata-laku. Koentjaraningrat (1984:11) ngabagi adat istiadat kana opat tingkatan, nyaéta:

**Migi Isna Januar, 2014**

***Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) tingkat ajén budaya nu mangrupa tingkat nu pangabstrakna;
- 2) tingkat norma-norma;
- 3) tingkat hukum; sarta
- 4) mangrupa tingkat aturan husus.

### **2.2.1 Jenis-jenis Upacara Adat**

Masyarakat Sunda umumna katelah ku kahirupan masarakatna nu agamis. Minangka simbol tina masarakat nu agamis, nyaéta ayana sajumlahing kagiatan ibadah jeung upacara-upacara adat di masarakatna. Upacara-upacara adat nu nepi ka kiwari masih kénéh dilaksanakeun nyaéta 1) acara jeung upacara sabudeureun kahirupan manusa (upacara saméméh lahiran, waktu lahiran, sunatan, kawin, ngubaran nu gering, jeung kapapaténan); 2) bagenténna waktu (kapercayaan kana poé hade jeung poé goréng, bagenténna bulan, jeung palintangan); 3) tatanén; 4) makam karamat; sarta 5) upacara sakral (ngaruat, syukuran, jeung salametan).

Koentjaraningrat (1984:147) nétélakeun yén sistem upacara adat mangrupa wujud kalakuan tina réligi. Sistem upacara adat di masarakat Sunda bisa dipasing-pasing jadi opat jenis upacara adat, nyaéta:

- 1) upacara adat nu aya patalina jeung tatanén;
- 2) upacara nu patali jeung lalakon hirup (daur hidup), contona upacara tingkeban (kakandung tujuh bulan), Ngeuyeuk Seureuh (waktu kawin), jeung natus (saratus poé maot);
- 3) upacara nu patalina jeung alam; sarta
- 4) upacara nu patalina jeung sistem religi.

Kaopat jenis upacara adat nu disebutkeun biasana dilaksanakeun dina raraga miéling poé nu aya hubunganna jeung kaagamaan, atawa bisa ogé miéling jalma nu geus nyieun jasa pikeun Nagara.

### **2.2.2 Komponén jeung Unsur Upacara Adat**

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Numutkeun sababaraha ahli Antropologi, upacara adat moal leupas tina komponén-komponén utamana, sarta silih pakait nu hiji jeung nu lianna. Koentjaraningrat (2002:377) sacara husus ngabagi upacara adat kana opat komponén utama, nyaéta 1) tempat upacara; 2) waktu upacara; 3) kalengkepan jeung pakakas upacara; sarta 4) jalma nu mingpin jeung kalibet kana upacara.

Komponén kahiji patali jeung tempat keramat dimana éta upacara dilaksanakeun, nyaéta bisa di makam, candi, pura, kuil, gereja, masigit, jeung sajabana. Komponén kadua nyaéta ngeunaan waktu-waktu ibadah, poé-poé nu dianggap keramat jeung suci, jeung sajabana. Komponén nu katilu nyaéta panglengkep jeung pakakas nu mangrupa barang-barang nu dipaké dina upacara. Kaasup patung-patung nu ngalambangkeun déwa-déwa, pakakas sora saperti locéng, suling, jeung sajabana. Komponén kaopat nyaéta komponén ngeunaan para palaku upacara, misalna para pandita, biksu, dukun, jeung sajabana.

Dina enas-enasna, upacara adat miboga rupa-rupa unsur, di antarana 1) sasajén; 2) ngorbankeun; 3) ngado'a; 4) dahar bareng kalawan kadaharan nu geus disucikeun ku do'a; 5) tari; 6) nyanyi; 7) pawéy; 8) nampilkeun seni drama suci; 9) puasa; 10) ngosongkeun pikiran ku jalan ngadahar ubar paranti ngalengitkeun kasadaran dirina; 11) tapa; jeung 12) semédi.

Di antara unsur-unsur upacara adat tadi, aya nu dianggap penting pisan dina hiji agama, tapi aya ogé nu malah teu dipikawanoh pisan dina agama séjén. Iwal ti éta, upacara-upacara adat biasana mibanda hiji susunan nu eusina sajumlahing unsur-unsur tadi. Contona dina upacara kasuburan, para palaku upacara ngayakeun pawéy heula nu tujuanna ka tempat neundeun sasajén, tuluy ngorbankeun hayam, nyiapkeun kekembangan keur déwa kasuburan, ngado'a, nyanyi (ngahaleuang babarengan), sarta ahirna ditutup ku dahar babarengan (balakécrakan).

### **2.2.3 Pungsi Upacara Adat**

Numutkeun Rostiati, spk. (1995:4), upacara adat dina mangsa kiwari miboga tilu punksi, nyaéta punksi spiritual, punksi sosial, sarta punksi pariwisata.

Pungsi spiritual, maksudna pelaksanaan upacara adat salawasna patali jeung pamujaan ka karuhun, roh, atawa Pangéran dina raraga ménta kasalametan. Upacara adat mibanda punksi spiritual sabab upacara adat mampuh ngahudangkeun émosi kaagamaan, nimbulkeun rasa aman, tengtrem, jeung salamet.

Pungsi sosial, maksudna sakabéh nu nyaksian upacara adat bisa meunangkeun atawa nyerep pesen-pesen nu ditepikeun dina éta upacara adat. Dina ha lieu, upacara adat bisa dipaké salaku kontrol sosial, interaksi, integrasi, jeung komunikasi papada warga masarakat, nu antukna bisa ngaraketkeun warga dina hirup kumbuhna.

Pungsi parawisata bisa katitén dina lobana masarakat nu datang pikeun nyaksian upacara. Masarakat nu datang bisa ti masarakat lokal (nu ngalaksanakeun éta upacara) jeung masarakat luar (nu ngan saukur nyaksian).

#### **2.2.4 Rupa-rupa Adat Istiadat Sunda**

Loba pisan adat istiadat ti tatar Sunda téh, tapi jaman kiwari geus teu pati loba kawas jaman baheula, ari di pilemburan mah ayeuna ogé masih kénéh aya. Atuh di kota-kota gedé, ku sabab pangaruh jaman, dina ayana kénéh gé geus loba parobahanna. Biasana meunang ngaluyukeun jeung pajamanan. Nya kitu deui tujuanna, euweuh patalina jeung kapercayaan. Palingna gé ngan samet ngaramékeun acara. Éta meurueun bédana ngalaksanakeun adat-istiadat Sunda, antara di kota gedé jeung di padésaan.

Taufik Faturohman (2006:42) nyebutkeun aya sababaraha rupa adat-istiadat Sunda jaman baheula, di antarana:

##### **1. Babarit**

Babarit nyaéta nyalametkeun (salametan) lembur. Carana, salembur nyangu kawas rék nyinghareupan poé lebaran. Di antarana nyieun tumpeng jeung rupa-rupa bubur ketan. Di pupuhuan ku kokolot lembur, ngariung di hiji tempat, atawa ngajajar di sisi-sisi jalan lembur. Sanggeus kokolot lembur nyeungeut

menyan, terus ngadu'a ka Gusti Allah, sangkan lembur nu ditempatan téh dijaga kalayan dijauhkeun tina sagala rupa musibat. Sanggeus ngadu'a, tuluy acara diteruskeun kana dalahar balakécrakan.

## 2. Ngaliwan Orok

Ngaliwan orok dilaksanakeun saban Jumaah Kaliwon. Orok umur bubulanan atawa mimmingguan téh, isuk-isuk dibawa ka paraji atawa ka dukun. Tuluy dimandian cai kembang tujuh rupa. Biasana sakalian dicekok, diinuman peresan konéng meunang marud. Bérés dimandian tuluy dijampéan. Maksudna, sangkan éta orok ulah babari katerap ku panyakit.

## 3. Tujuh Bulanan

Di kota-kota gedé sok aya kénéh nu baris ngalaksanakeun upacara tujuh bulanan. Nyaéta salametan nu keur kakandungan tujuh bulan. Biasana nu keur kakandungan dimandian cai kembang tujuh rupa. Lian ti éta sok nyieun rurujukan, (rujak bebek). Rujakna tuluy dijual, ari duit keur meulina ku talawéngkar (sesemplékan kenténg atawa gagarabah). Engkéna duduitan ladang rujak ku nu kakandungan dipiceun ka parapatan jalan. Cenah, lamun rujakna lada anakna pasti lalaki. Upamana rujak rasana semu amis anakna nya awéwé.

Lian ngarujuk bebek, bapana orok nu dikandung, ngagambaran dawegan kalapa konéng, maké péso méncos atawa paku. Biasana digambaran wayang Arjuna atawa Subadra. Kudu dawegan konéng, sangkan engké kulit anak nu keur di kandung warnana konéng.

## 4. Meuncit Sato Béla

Naon baé satona mah, rék hayam jago, domba jalu, atawa munding jalu ogé. Tapi, biasana mah mun lian hayam, paling mahal domba atawa embé. Sato nu rék dipaké béla, dipeuncit bareng jeung nyunatan budak. Budak sempring disunatan, sato nu dipaké béla gérésél dipeuncit. Tujuanna sangkan budak nu disunatan teu ngarasa nyeri. Cenah, lantaran rasa nyerina dipindahkeun ka sato nu dipaké béla téa. Nu matak disebutna ogé sato béla.

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 5. Hajat Laut

Urang basisir kidul umumna percaya, yén laut téh aya nu ngarajaan, nyaéta Nyi Roro Kidul. Ku kituna hasil-henteu maranéhna ngala lauk, kumaha ceuk Nyi Roro Kidul. Sangkan Nyi Ratu bageur, saban taun, unggal tempat waktuna béda-béda, biasana mah dina mangsa ombak gegedéna, sok diayakeun hajat laut.

Ari nu dihajatkeunna, lian ti tumpeng salengkep-lengkepna jeung sok ditambahan ku hulu munding. Cara nanggakeunna ka Nyi Ratu, ku cara dipalidkeun ka tengah laut. Bareng jeung hajat laut, sok aya raraméan, biasana sok nanggép wayang atawa ronggéng.

## 2.3 Tradisi

### 2.3.1 Wangenan Tradisi

Tradisi atawa *tradition* dina basa Inggrisna, bisa dihartikeun salaku hiji kabiasaan sosial nu diturunkeun ti hiji generasi ka generasi séjénna ngaliwatan hiji prosés nu disebut sosialisasi (Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, 1989:95). Sacara basajan tradisi téh nyaéta hiji hal nu geus dilakonan ti baheula (geus lila), sarta jadi bagéan tina kahirupan sakelompok masarakat nu biasana miboga kabudayaan sarta agama nu sarua. Hal nu utama dina tradisi téh nyaéta ayana informasi nu ditepikeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi séjénna boh sacara lisan boh sacara tinulis <http://id.wikipedia.org/wiki/Tradisi>. Tradisi nyaéta paripolah atawa kalakuan manusa nu geus biasa dilakonan sarta dilaksanakeun sacara turun-tumurun ku hiji kelompok masarakat. Tradisi némbongkeun paripolah masarakat boh nu sipatna duniawi boh nu sipatna kaagamaan (goib).

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan (1989:95) nétélakeun yén tradisi téh némbongkeun kapercayaan, ajén-inajén, sarta cara mikir ti sakelompok masarakat. Saupama niténan sawangan-sawangan di luhur, kabiasaan sosial nu salaku inti dina tradisi téh dina enas-enasna mah asalna tina hubungan-hubungan

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sosial papada warga masarakat. Ku kituna, corak jeung eusina ogé ditangtukeun dumasar kana éta hubungan sosial. Ku lantaran sumberna tina hubungan sosial téa, struktur sosial masarakat jadi salasahiji hal nu nangtukeun wangun tradisi nu aya dina sakelompok masarakat.

Esten dina Anoegrah (2008:17) nétélakeun yén nu dimaksud tradisi téh nyaéta kabiasaan turun-tumurun kelompok masarakat dumasar kana ajén budaya masarakatna. Tradisi némbongkeun kumaha cara paripolah masarakat, boh dina kahirupan nu sipatna duniawi, boh ngeunaan hal-hal nu sipatna goib atawa kaagamaan.

Cindekna, tradisi téh nyaéta hal atawa kabiasaan nu aya sarta masih sok dilakonan dina kahirupan sakelompok masarakat, salaku gambaran sikep sarta paripolah manusa nu geus ngalaman prosés dina jangka waktu nu geus lila sarta dilaksanakeun sacara turun-tumurun ti karuhun. Dina prak-prakanna, nu disebut tradisi téh biasana sok dipatalikeun jeung upacara-upacara adat nu sok dilakonan ku hiji kelompok masarakat, nu dipercaya miboga ajén-inajén nu luhung, nu tangtu luyu jeung kaayaan masarakatna.

### **2.3.2 Wanda sarta Komponén-komponén dina Upacara Tradisi**

Koentjaraningrat dina Nugraha (2011:24), nétélakeun yén upacara adat téh nyaéta wujud kalakuan tina réligi. Sistem upacara adat masarakat Sunda dipasing-pasing jadi opat wanda nyaéta:

- 1) upacara adat nu aya patalina jeung tatanén;
- 2) upacara nu patali jeung lalakon hirup atawa daur hirup, contona upacara tingkeban (kakandungan tujuh bulan), ngeuyeuk seureuh (waktu kawin), natus (saratus poé maot), jeung rea-réa deui;
- 3) upacara nu patali jeung alam;
- 4) upacara nu patali jeung sistem réligi.

Koentjaraningrat dina Nugraha (2011:24) nétélakeun yén sistem upacara tradisi téh sacara husus ngawengku opat aspék nyaéta saperti ieu di handap.

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



- 1) Tempat ngalaksanakeun upacara, nyaéta aspék nu patali jeung tempat-tempat karamat, tempat dimana éta upacara tradisi dilaksanakeun. Éta tempat-tempat téh bisa di makam, candi, pura, kuil, masigit, gereja, jeung sajabana.
- 2) Waktu dilaksanakeunna upacara, nyaéta waktu-waktu ngalaksanakeun upacara tradisi upamana waktu ibadah, poé-poé nu dianggap karamat atawa poé nu dianggap suci.
- 3) Kalengkepan jeung pakakas upacara, nyaéta kalengkepan jeung pakakas-pakakas nu mangrupa barang-barang nu dipaké sarta dianggap karamat. Upamana patung-patung mangrupikeun déwa-déwa, pedang, keris, kujang, jeung pakakas nu séjénna.
- 4) Jalma-jalma nu ngalakonan jeung mingpin upacara, nyaéta ngeunaan palaku-palaku dina upacara upamana pendeta, biksu, dukun, jeung sajabana.

Dina enas-enasna, upacara adat miboga rupa-rupa unsur nyaéta ngadu'a, sasajén, ngorbankeun, dahar babarengan kalawan kadaharan nu geus disucikeun ku du'a, tari, nyanyi, pawéy, mintonkeun seni drama suci, arak-arakan, puasa, ngosongkeun pikiran ku jalan ngadahar ubar paranti ngaleungitkeun kasadaran dirina, tapa, jeung semédi (Proyek Penelitian dan Pencatatan Kebudayaan Daérah, 1979:117).

### 2.3.3 Pungsi Upacara Tradisi

Dina upacara tradisi nu dilaksanakeun ku hiji masarakat téh pasti miboga tujuan sarta fungsi-fungsi anu tangtu. Budhisantoso jeung Geers dina Hambali dina <http://forester-unpad.blogspot.com/2012/11/makalah-tentang-budaya-ritual-upacara.html> nétélakeun ngeunaan punksi-pungsi upacara tradisi. Numutkeun Budhisantoso punksi tina upacara tradisi téh bisa ditingali dina kahirupan sosial budaya masarakatna, nyaéta ayana *pengendalian* sosial, média sosial, jeung norma sosial. Upacara tradisi sarta sistem-sistem simbol nu aya di jerona miboga punksi pikeun nga-*integrasi*-keun antara étos jeung sawangan hirup. Nu disebut étos nyaéta sistem ajén budaya, sedengkeun sawangan hirup téh nyaéta *konsepsi* warga

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

masarakat nu ngawengku dirina, alam, sarta sagala rupa nu aya disabudureunna. Smith dina Koentjaraningrat (1985:24) nétélakeun yén upacara tradisi téh salaku upacara keramat miboga pungsi pikeun ngaronjatkeun *solidaritas* ka para déwa. Dina ieu hal, déwa téh dianggap salaku bagian tina kelompok warga, nyaéta salaku warga nu istimewa.

Numutkeun Rostiati, spk (2001:26), upacara adat dina mangsa kiwari miboga tilu pungsi nyaéta pungsi spiritual, pungsi sosial, sarta pungsi pariwisata.

- 1) Pungsi spiritual nyaéta patali jeung muja ka karuhun, roh, atawa Pangéran, pikeun ménta kasalametan. Upacara adat disebut miboga pungsi spiritual sabab mampuh ngahudang émosi kaagamaan, ngadatangkeun rasa aman, tengtrem, jeung salamet.
- 2) Pungsi sosial nyaéta miboga maksud yén nu nyaksian upacara adat téh bisa meunang atawa nyerep ajén-inajén atawa pesen-pesen nu ditepikeun dina éta upacara adat. Ku kituna, upacara adat bisa dipaké salaku kontrol sosial, *interaksi*, *integrasi*, sarta *komunikasi* jeung papada masarakat, nu antukna bisa ngaraketkeun masarakat dina hirup kumbuhna.
- 3) Pungsi pariwisata nyaéta bisa katitén tina lobana masarakat nu nyaksian kana éta upacara adat, boh masarakat lokal (nu ngalaksanakeun upacara), boh masarakat luar (nu ngan saukur nyaksian).

#### **2.3.4 Ciri-ciri Tradisi**

Ari nu disebut tradisi téh kaasup kana folklore sabagian lisan. Hal ieu luyu jeung pamadegan Brunvand dina Soeganda (2007:21), nu ngabagi-bagi folklore kana tilu wanda nyaéta folklore lisan (*verbal folklore*), folklore sabagian lisan (*partly verbal folklore*), jeung folklore lain lisan (*non verbal folklore*). Nu kaasup kana folklore lisan nyaéta basa rakyat, ungkapan tradisional, pertanyaan tradisional, puisi rakyat, prosa rakyat, jeung nyanyian rakyat. Ari nu kaasup kana folklore sabagian lisan nyaéta kapercayaan rakyat, téater rakyat, kaulinan rakyat, tari rakyat, adat istiadat, upacara, pésta rakyat, jeung sajabana. Ari nu kaasup kana

folklore lain lisan nyaéta arsitektur rakyat jeung gerak isarat rakyat. Danandjaja dina Soeganda (2007:3) nétélakeun yén ciri-ciri tradisi (*folklore*) téh ngawengku:

- 1) dina nyebarkeun sarta ngawariskeunna biasana sok dilakukeun sacara lisan, nyaéta disebarkeun ku cara tatalépa ti hiji jalma ka jalma lianna;
- 2) miboga sipat tradisional, nyaéta disebarkeun dina wangun nu standar sarta disebarkeun di antara kelompok masarakat nu tangtu dina jangka waktu nu lila (paling saeutik dua generasi);
- 3) aya dina *versi* nu béda-béda, lantaran cara sumebarna leuwih nyoko ku cara tatalépa atawa lisan;
- 4) miboga sipat *anonim*, nyaéta teu dipikanyaho ngaran nu nyiptakeunna;
- 5) miboga sipat polos atawa lugu;
- 6) miboga wangun nu *berumus* atawa *berpola*;
- 7) miboga pungsi sarta kagunaan pikeun kahirupan balaréa;
- 8) miboga sipat nu teu logis, nyaéta miboga logika sorangan nu teu luyu jeung logika umum; sarta
- 9) tradisi téh nyaéta milik balaréa dina sakelompok masarakat.

## **2.3.5 Tradisi Ngaruat**

### **2.3.5.1 Wangenan Tradisi Ngaruat**

Bangsa Indonésia, hususna suku bangsa Jawa miboga sipat sérémonial. Ampir dina unggal kagiatan nu dianggap penting, boh nu patali jeung kahirupan hiji jalma, boh nu sipatna kaagamaan atawa kapercayaan, boh ngeunaan usaha hiji jalma dina ngalakonan kahirupan, dina ngalaksanakeunna sok dibarengan ku upacara-upacara. Dina kahirupan hiji jalma, ti mimiti keur aya dina kandungan nepi ka tilar dunya, dina waktu-waktu nu tangtu sok diayakeun upacara pikeun éta jalma, upamana upacara tingkeban, hitanan, tedak siten, jeung réa-réa deui. Dina antropologi, éta upacara-upacara téh sok disebut ritus peralihan. Dina bulan-bulan nu tangtu sok diayakeun upacara nu sipatna kaagamaan, upamana ruwahan atawa rewahan, salikiran, sawalan, sapanan, muludan, jeung réa-réa deui. Saupama

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

patali jeung tukang tani biasana sok diayakeun upacara-upacara nu patali jeung tatanén, upamana upacara tandur (Mulder dina Koentjaraningrat, 1985:108).

Salian ti ngaran-ngaran upacara di luhur, di masarakat Sunda aya upacara nu patali jeung kapercayaan nyaéta upacara ruat atawa ruatan. Ngaruat saupama ditilik tina asal kecapna nyaéta tina kecap “ruat” nu miboga harti “kariaan nyalametkeun” (Danadibrata, 2009:587). Dina basa Jawa, kecap ruat téh sarua jeung kecap “luwar” nu miboga harti leupas. Diruat hartina dileupaskeun atawa dibébaskeun. Ku kituna upacara ngaruat ngandung harti ngaleupaskeun atawa ngabébaskeun tina hukuman atawa kutukan déwa nu ngadatangkeun bahaya. Ngaruat bisa ogé dihartikeun dicageurkeun kana kaayaan mimiti, nolak balai nu dipercaya bakal keuna ka hiji jalma, sarta nyingkahan kakuatan goib nu dianggap bahaya (Koentjaraningrat, 1985:109).

Koentjaraningrat (1985:112) nétélakeun yén di Jawa mah ngaruat téh maksudna pikeun ngaruat budak, nyaéta pikeun ngajaga tina kacilakaan Déwa Batarakala. Kasang tukang ayana tradisi ngaruat di Jawa téh dumasar kana kapercayaan ngeunaan datangna malapetaka nu bakal karandapan ku budak nu dianggap miboga nasib sial (budak sukerta). Éta kapercayaan téh asalna tina carita heubeul nyaéta carita wayang purwa, nu biasa disebut murwakala atawa purwakala. Purwa hartina asal atawa mimiti sedengkeun kala hartina musibah, ku kituna disebut asal-muasal musibah.

Ruat dina basa Sunda miboga harti ngumpulkeun jeung miara. Ari nu dikumpulkeun téh nyaéta masarakat jeung hasil bumina. Ku kituna ngaruat téh bisa disebut salasahiji cara pikeun ngedalkeun rasa sukur kana sagala rupa hasil bumi, pangharepan keur sataun kahareupna, sarta salaku ébréhan rasa hormat ka karuhun <http://blogs.unpad.ac.id/radifanr/2010/06/12/upacara-adat-hajat-bumi/>. Ngaruat nu aya di Kampung Cirateun mah ngandung harti tradisi salamatan lembur atawa kampung nu dilaksanakeun saban bulan Syawal, sangkan éta lembur dipaparin kasalamatan ku Pangéran. Ieu tradisi ngaruat lembur téh miboga tujuan pikeun némbongkeun rasa sukur ka Pangéran lantaran geus maparin rejeki

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

utamana tina hasil pakasaban, sarta geus dipaparin rupa-rupa ni'mat ku Pangéran. Ku lantaran kitu, kolot baheula sok ngagero nu dipingpin ku para tokoh (lulugu) pikeun ngayakeun hajat lembur. Dina prak-prakanna, ieu tradisi téh biasana sok diayakeun ku cara ngariung, sukuran ka Pangéran nu ngalibetkeun sakabéh unsur masarakat, hadiah ka kanjeng Nabi jeung ka para sohabatna bari ngagunakeun pakakas-pakakas nu geus ditangtukeun. Dina éta riungan téh biasana sok dibarengan ku susuguh, ngukus nu seungit-seungit (menyan), pikeun ngahormat ka para karuhun, bari sok diayakeun hiburan saperti nabeuh kasenian tradisional kayaning jaipongan atawa ketuk tilu. Dina mangsa kiwari mah biasana dina ngaruat téh sok dibarengan ku istigosahan.

#### **2.3.5.2 Hal-hal nu Kudu Diruat**

Numutkeun Koentjaraningrat (1985:109) tradisi ngaruat nu biasa diayakeun nepi ka ayeuna téh kaasup kana tradisi nu miboga tujuan pikeun nyingkahan bahaya nu dianggap bakal karandapan ku hiji jalma. Saupama niténan waragad nu diperlukeunna, tradisi ngaruat téh ka asup tradisi nu gedé sarta merlukeun waragad nu teu saeutik. Sanajan kitu, pikeun jalma nu percaya kana éta tradisi mah, moal ngarasa lebar sok sanajan kudu ngaluarkeun waragad nu kawilang gedé sangkan bisa aya dina kasalametan jeung kabagjaan. Ku kituna, pikeun ngayakeun tradisi ngaruat téh kudu bener-bener disiapkeun dina sagala rupana. Koentjaraningrat (1985:110) nétélakeun ogé yén di Jawa mah ngaruat téh ditujukeun pikeun tilu golongan nyaeta:

- 1) Jalma
  - a) untang-anting: budak tunggal (bisa awéwé bisa lalaki);
  - b) tunggelis: budak tunggal, awéwé atawa lalaki nu ditinggalkeun maot ku dulurna;
  - c) nanggung bugang: anak tilu nu panengah boh awéwé boh lalaki nu ditinggalkeun maot ku lanceukna atawa dulurna;

- d) nyuhun bugang: anak tilu, nu kadua awéwé atawa lalaki ditinggalkeun maot ku dulurna nu cikal;
  - e) ngajingjing bugang: anak tilu, nu kadua awéwé atawa lalaki ditinggalkeun maot ku dulurna nu bungsu;
  - f) talaga dihapit pancuran: anak panengah awéwé sedengkeun lanceuk jeung adina mah lalaki;
  - g) pancuran dihapit talaga: anak panengah lalaki, sedengkeun lanceuk jeung adina mah awéwé;
  - h) sarimpi: anak opat awéwé wungkul;
  - i) saramba: anak opat lalaki wungkul;
  - j) pandawi olih-olih: anak lima awéwé hungkul;
  - k) pandawa olah-olah: anak lima lalaki hungkul;
  - l) sangga kala: anak awéwé atawa lalaki, nu ti barang lahir aya tanda bodas dina awakna;
  - m) kala durga: jalma nu indit nyaba salah wanci;
  - n) kawalangsung: budak awéwé atawa lalaki nu dilahirkeunna kaburusutan; sarta
  - o) budak panas: budak nunggelis (tunggal pinang) nu geus henteu sanak henteu kadang.
- 2) Wawangunan
- a) imah, pabrik, kantor jeung sajabana, nu sagala weuteuh sarta diadegkeunna dina taneuh nu anyar (lelemahan anyar, bebedahan); sarta
  - b) imah, pabrik, kantor jeung sajabana, sanajan teu ngaweuteuhan ogé, ari rék diruat mah nya alus wé (istilah ceuk agama Islam mah nomer hijina wajib nomer duana sunat).
- 3) Lembur atawa jagat lianna
- a) tanah atawa lembur sangar: tanah atawa lembur nu diadegkeun taya kamulusan keur nu ngeusianna;

- b) tanah atawa lembur geueuman: tanah atawa lembur nu canéomku tatangkalan nu kaayaan pikasieuneun jeung pikakeueungeun;
- c) tanah atawa lembur garudla ngupuk: tanah atawa lembur nu pikabeutaheun hararieum ngan sok nyusukeun cai;
- d) tanah atawa lembur kajepit: tanah atawa lembur nu kaseundeuhan ku dedemit. Watekna panyéréwédan, pibahayaean, jeung sapapadana;
- e) tanah atawa lembur kancan nangkub: tanah atawa lembur nu bulistir tengah-tengahna rada luhur, bahéna ka opat madhab;
- f) tanah atawa lembur nadah poé: tanah atawa lembur nu bahé ngétan, hade keur tatanén, tapi arikeur lembur mah bangga miarana;
- g) tanah atawa lembur nonggong kuya: tanah atawa lembur bahé ngulon, goréng keur tatanén jeung sok panyéréwédan; sarta
- h) tanah atawa lembur bahé ngalér-ngidul: tanah atawa lembur nu alus pikeun pilemburan ngan sok dipaké liliwatan pikeun nu garaib.

Numutkeun Mustapa dina Koentjaraningrat (1985:207) ngaruat téh nyaéta pangaruh ti Jawa, ari di Sunda mah sok disebut dilokat. Ari nu diruat téh lain ngan saukur budak nu gering, tapi bisa ogé lantaran éta budak téh nyaéta budak hiji-hijina nu teu boga adi atawa lanceuk, budak bungsu awéwé nu lanceukna lalaki wungkul, budak bungsu lalaki nu lanceukna awéwé wungkul, budak nu jumlah lanceuk jeung adina sarua lobana, budak nu dianggap sial, jauh jeung jodona, atawa miboga tanda wisnu (tanda bodas dina awakna), sarta budak nu beuki ceurik jeung teu puguh panyakitna (budak kamalu). Ku kituna, éta jalma atawa budak téh sok diruat ku cara dimandian ku kembang tujuh ruat Batara Kala.

Ngaruat téh aya ngaruat pikeun ngahormat Batara Kala nu asalna tina wayang Jawa, aya ogé ngaruat nu asalna tina pantun nyaéta ngaruat taneuh, tempat, cara ngaruat hulu wotan, ngaruat solokan, ngaruat talaga, ngaruat lembur anyar. Éta ngaruat téh boga tujuan pikeun nyingkahan kajahatan mahluk goib nu aya di éta tempat. Lalampahan nu kudu dilakonan waktu ngaruat téh nyaéta

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kucara ngayakeun salametan meuncit munding atawa embé hideung, huluna dikubur pikeun dijadikeun tumbal di éta tempat nu dianggap pikasieuneun.

## **2.4 Bahan Pangajaran**

Pangajaran nyaéta membelajarkan siswa ngagunakeun asas pendidikan. Pangajaran mangrupa prosés komunikasi dua arah, ngajar dilakukeun ku pihak guru salaku pendidik, sedengkeun diajar dilakukeun ku siswa salaku peserta didik. Corey (Sagala, 2010:61) nétélakeun yén pangajaran mangrupa hiji proses ngokolakeun lingkungan sacara dihaja ku hiji jalma pikeun ngamungkinkeun manéhna ilu-biung dina paripolah nu tangtu dina kondisi-kondisi atawa husus ngahasilkeun réspon kana hiji situasi, pangajaran mangrupa *subset* husus tina pendidikan.

Sawangan ngeunaan istilah pangajaran mangsa kiwari terus-terusan ngalegaan jeung ngalaman kamajuan. Aya nu nyawang yén pangajaran sarua hartina jeung kagiatan ngajar nu dilakukeun ku guru dina nepikeun pangaweruhna ka siswa. Aya ogé nu nyebutkeun pangajaran téh mangrupa interksi diajar-ngajar, hartina hiji prosés silih pangaruhan antara guru jeung siswa. Duanana mibanda hubungan atawa komunikasi jeung interaksi. Guru ngajar jeung siswa diajar. Duanana némbongkeun aktivitas nu saimbang tapi béda peran (Nugraha, skripsi 2011:27).

Proses pangajaran lumangsung dina situasi pangajaran nu di jerona aya komponén-komponén atawa paktor-paktor, nyaéta bahan ngajar, penilaian, jeung situasi pangajaran. Dina proses pangajaran, sakabéh komponén di luhur gerak babarengan dina hiji rarangka kagiatan dina raraga ngadidik siswa pikeun tujuan nu hadé ka hareupna.

### **2.4.1 Wangenan Bahan Pangajaran**

Fathurrohman (2007:14) nétélakeun yén bahan atawa matéri nyaéta médium pikeun ngahontal tujuan pangajaran nu “dikonsumsi” ku peserta didik.



Bahan ajar mangrupa matéri nu terus mekar sacara dinamis luyu jeung kamajuan sarta kamekaran masarakat. Bahan ajar nu ditarima ku peserta didik kudu mampuh ngaréspon unggal parobahan sarta bisa ngantisipasi unggal kamekaran nu aya dina mangsa ka hareupna. Bahan pangajaran mangrupa unsur inti nu aya dina kagiatan pangajaran, sabab bahan pangajaran éta téh nu diusahakeun pikeun dikawasa ku peserta didik. Ku sabab éta ogé, guru hususna kudu bisa mikirkeun nepi kamana bahan pangajaran nu nyampak dina silabus bisa saluyu jeung pangabutuh peserta didik dina mangsa kahareupna.

Gintings (2008:152) méré sawangan yén bahan pangajaran nyaéta rangkuman matéri nu diajarkeun ka siswa dina wangun cetak atawa wangun séjén, boh lisan atawa tulisan. Pikeun ngupayakeun sangkan siswa miboga pamahaman awal ngeunaan matéri nu baris dipedar, alusna bahan pangajaran ditepikeun ka siswa saacan bahan pangajaran lumangsung. Ku kituna, dipihareup siswa bisa leuwih aktif dina diskusi atawa tanya jawab di kelas.

Bahan pangajaran nu hadé kudu matak ngababarikeun, lain sabalikna ngahésékeun siswa dina maham matéri. Ku sabab kitu, bahan pangajaran kudu miboga kritéria-kritéria saperti di handap.

- 1) saluyu jeung topik nu dibahas;
- 2) mibanda intisari atawa informasi nu ngadukung pikeun maham nu dibahas;
- 3) ditepikeun dina wangun jeung basa nu singget, padet, jeung sistematis;
- 4) lamun perlu, dilengkepan ku conto jeung ilustrasi nu rélevan sarta narik ati sangkan leuwih gampang dipikaharti eusina;
- 5) alusna ditepikeun saméméh lumangsungna kagiatan pangajaran sangkan siswa bisa leuwih ngarti; sarta
- 6) mibanda gagasan nu sipatna tantangan jeung rasa hayang nyaho siswa.

#### **2.4.2 Perbedaan Bahan Pangajaran jeung Buku Téks**

Henteu saeutik nu salah paham dina ngartikeun bahan pangajaran nepi ka nyaruakeun antara bahan pangajaran jeung buku téks. Ku sabab kitu, perlu dipedar

bébédaan antara bahan pangajaran jeung buku téks. Di handap ieu aya tabél ngeunaan bébédaan antara bahan pangajaran jeung buku téks.

**Tabél 2.1**

| <b>Aspék</b>                   | <b>Bahan Pangajaran</b>   | <b>Buku Téks</b>  |
|--------------------------------|---|---|
| Tujuan pangajaran nu dipibanda | Spésifik saluyu jeung standar kompetensi lulusan  | Sipatna umum saluyu jeung asumsi nu nulis   |
| Eusi                           | Rangkuman/cuplikan tina buku téks atawa prosedur kagiatan nu pakait langsung jeung tujuan pangajaran sarta standar eusi atawa dumasar kana TNA ( <i>Training Needs Analysis</i> ) | Bisa saujuratna dumasar kana kurikulum, atawa bisa ogé dumasar kana sistematika ilmiah hiji topik bahasan |
| Tingkat matéri                 | Disaluyukeun jeung kondisi kelas atawa dumasar tés awal   | Disaluyukeun jeung tungtutan perkembangan ilmiah  |
| Wangun                         | Cuplikan, ringkesan matéri, jeung prosedur  | Himpunan matéri lengkep   |
| Rupa                           | Lembar tiori atawa <i>hand cuf</i> , modul, lembar prakték, atawa <i>job sheet</i> , <i>taperecorder</i> , jeung CD pangajaran  | Buku, majalah, jeung diktat   |
| Nu nyieun                      | Guru nu bakal nepikeun matéri atawa tim nu ditunjuk ku lembaga pengelola pendidikan   | Penulis profésional nu kerjasama jeung penerbit   |
| Lingkup penggunaan             | Internal lembaga pendidikan nu tangtu   | Masyarakat  |

### 2.4.3 Mangpaat Bahan Pangajaran

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sahenteuna aya sababaraha mangpaat utama ku ayana bahan pangajaran nu disusun pikeun lumangsungna pangajaran. Saupama ditepikeun ku siswa saacan pangajaran lumangsung, siswa bisa diajar heula naon nu jadi matéri nu baris dipedar nepi ka siswa miboga kamampuh saperti di handap.

- 1) miboga kamampuh awal (entry behavior) nu cukup pikeun milu kagiatan pangajaran nepi ka bisa ngahontal hasil nu maksimal;
- 2) dipiharep bisa méré partisipasi aktif dina diskusi jeung tanya jawab nalika kagiatan diajar ngajar lumangsung;
- 3) pangajaran di kelas lumangsung kalayan éféktif jeung éfisién ku sabab waktu nu aya bisa digunakeun sacara maksimal pikeun kagiatan pangajaran nu interaktif saperti tanya jawab, diskusi, jeung kerja kelompok; sarta
- 4) siswa bisa mekarkeun kagiatan diajar mandiri.

#### **2.4.4 Stratégi Nyusun Bahan Pangajaran**

Aya dua stratégi dina nyusun bahan pangajaran nu baris dipedar. Dumasar kana dua stratégi ieu bisa ogé dikembangkeun stratégi séjén nu leuwih saluyu jeung kondisi ni disanghareupan dina ngembangkeun kagiatan pangajaran. Dua stratégi nyusun bahan pangajaran nyaéta dumasar kana kurikulum jeung dumasar peta pamikiran.

- 1) Nyusun bahan pangajaran dumasar kurikulum


Nalika ngalaksanakeun pancén ngajar di pendidikan formal atawa non formal nu ngagunakeun kurikulum, sumber bahan utama tina bahan ajar nu disusun nyaéta: 1) standar kompetensi lulusan nu aya dina tujaun pangajaran; 2) standar eusi; 3) standar sarana; jeung 4) buku pegangan utama nu digunakeun.

- 2) Nyusun bahan pangajaran dumasar peta pamikiran

Peta pamikiran atawa *mind map* bisa disusun kalawan ngajuken patalékan filosofis nu katelah ku istilah 5W + 1H. Ngarah jelas hubungan

antara genep patalékan jeung topik nu dipedar, didieu aya conto bagan hubungan antara patalékan jeung topikna kalawan conto topik tradisi Ngaruat.

### Bagan 2.1 Tradisi Ngaruat Coblong



Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Coblong Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu